



5 Bagay Ou Bezwen Konnen sou Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Pwoblèm nan Lojman dapre Kote ki Peye Moun Legalman

- 1** Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (LAD, ki vle di "Law Against Discrimination") defann fè diskriminasyon oswa bay moun pwoblèm nan lojman dapre kote ki peye legalman lajan ki pral sèvi pou peman lwaye li. Kòm kote ki peye moun legalman, nou ka nonmen alokasyon oswa kupon moun resevwa nan pwogram asistans lwaye federal, Eta, oswa minisipalite lokal la, tankou Seksyon 8 sou kupon pou chwazi lojman, ak asistans pou lwaye dapre pwogram COVID-19 Emergency Rental Assistance Program (CVERAP), State Rental Assistance Program (SRAP), ak Temporary Rental Assistance (TRA).
- 2** Sa vle di yon pwopriyetè pa ka refize lwe ba ou, ni dekouraje ou lwe yon lojman paske ou di ou pral peye lwaye ou avèk lajan ou resevwa dapre Seksyon 8, CVERAP, SRAP, TRA, oswa yon alokasyon oubyen yon bòdwo ou resevwa nan nenpòt pwogram asistans lwaye federal, Eta, oswa minisipalite lokal la. Pa egzanp, yon pwopriyetè pa ka bay sa kòm rezon li refize yon lokatè ki sèvi avèk yon bòdwo Seksyon 8, lè li di li pa vle pran traka nan ekri papye yo mande, oswa nan enspeksyon ki nesèsè dapre Seksyon 8 la.
- 3** Lalwa defann tou pou yon moun ki mete lojman sou mache a fè reklam pou yon pwopriyete nan nenpòt jan ki gen diskriminasyon kont yon lokatè posib dapre kote ki peye li legalman, tankou lè yon reklam ta di yo pa aksepte oubyen yo mete limit sou bòdwo oswa sou alokasyon. Pa egzanp, si yon reklam di "Nou pa sèvi ak Seksyon 8", oswa "Nou regrèt sa, men nou pa sèvi ak CVERAP", oswa "Nou pa aksepte TRA", oswa "Pwopriyete sa a pa apwouve pou Seksyon 8", reklam sa a se yon vyolasyon LAD.
- 4** LAD defann tou pou anbete, oswa fè diskriminasyon, oswa fè mennas kont moun, oubyen fè kòmantè sou kote ki peye yon moun legalman, menm lè se yon lòt lokatè nan menm kote a ki ta fè yo. Si pwopriyetè kote ou lwe a konnen, oubyen si li ta dwe konnen gen moun k ap anbete ou konsa, pwopriyetè a dwe pran aksyon pou fè moun lan sispann.
- 5** Yon pwopriyetè oubyen yon moun ki mete lojman sou mache a pa gen dwa fè vanjans kont ou paske ou eseye peye avèk lajan ou touche legalman, ni paske ou eseye egzèsè nenpòt ki dwa ou genyen dapre LAD.

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele **866-405-3050**



NJ Office of the Attorney General **DIVISION ON CIVIL RIGHTS**
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)